

Avi pou Anplwaye yo

Non Legal Konpayi a: _____

Adrès: _____

Dosye Anplwaye a (ER): _____

Anplwaye konpayi sa a: Lwa konsènan Asirans Chomaj Eta Nouyòk la pwoteje w.

- Konpayi w ap travay la ka pa retire nan kòb w ap touche a pou rezon sa a.
- **Si yo voye w ale, ou travay mwens pase kat jou nan semèn nan, oswa w demisyone:**
 - **Mande konpayi w ap travay la pou l ba w yon papyè ki rele "Dosye Jou Travay". Konsève l nan papyè enpòtan w pou w ka sèvi avè l si w fè reklamasyon lajan yo bay pou Asirans Chomaj.**
 - Fòmilè "Dosye Jou Travay" la dwe gen non konpayi a, nimewo anrejistreman, ak adrès kote yo konsève dokiman pewòl yo.
- **Pou w depoze yon reklamasyon pou Asirans Chomaj:**
 - Rele nan nimewo Sant Reklamasyon nan Telefòn nan ki se (888) 209-8124 (gen sèvis tradiksyon ki disponib) pou w jwenn plis enfòmasyon.
 - Ale sou sit entènèt nou an ki se www.labor.ny.gov
 - Moun ki gen pwoblèm pou yo tandè yo e ki gen yon Aparèy pou moun Soud (TTY/TDD) ka rele operatè transmisyon an nan (800) 662-1220 pou yo depoze yon reklamasyon, epi mande operatè a pou l rele (888) 783-1370. Se sèl moun k ap sèvi ak yon aparèy TDD k ap jwenn sèvis yo bay nan nimewo sa a.

Pou Konpayi a: Ou dwe afiche postè sa a chak kote ki gen moun k ap travay nan konpayi a yon fason klè pou yo wè.

Konpayi ki itilize vèsyon pou ranpli postè sa a dakò non legal, adrès ak #Anrejistreman Konpayi a afiche yo konplè e yo egzak. Pou w jwenn plis postè, ekri nan: New York State Department of Labor, Liability and Determination Section, Harriman State Office Campus, Albany, NY 12226.